Ni Yonente Yàlla bi doon labbaykawoo mooy: "Labbayka Allaahuma, làbbayka, labbayka laa siriika laka labbayka, innal hamda wannihmata laka walmulka laa sariika laka

Jële nañu ci Abdullah Ibn Umar yal na leen Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Ni Yonente Yàlla bi doon labbaykawoo mooy: "Labbayka Allaahuma, làbbayka, labbayka laa siriika laka labbayka, innal hamda wannihmata laka walmulka laa sariika laka" nee na: Abdullah ibn Umar yal na ko Yàlla dollee gërëm daan na ci dolli: labbayka labbayka wa sahdayka, walxayru kulluhu biyadayka, labbayka warraxbaa-u ilayka walhamalu.

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Labbayka bu Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc bu daan bëgg a dugg ci jaamug Aj gi walla Umra mooy mu wax: (wuyusi naa la yaw sama Boroom wuyusi naa la) wuyu gu sax ñeel la ci li nga nu woo ci sellal ak kennal ak Aj ak yeneen, (wuyusi naa la amóo bokkaale wuyusi naa la) yaw dong yaa yayoo jaamu gi amóo bokkaale ci sag moomeel ak jaamu gi nga moom ak say tur ak say melo, (ag cant) sant ag tagg (ak xéewal) ci yaw la jóge te yaa koy joxe (yaw la ñeel) yaa ciy soppaxndiku ci bépp anam, (ak nguur gi) naka noonu yaw la ñeel, (amóo bokkaale) lépp yaw rekk la ñeel. Ibn Umar yal na ko Yàlla dollee gërëm daan na ca dolli: (Labbayka Labbayka wa sahdayka) def ma may ku texe, (walxayru bi yadika) yiw yépp ci sa ngëneel la bawoo, (labbayka warragabaa ilayka) sàkku ak laaj ci ki xéewal yi nekk si loxoom rekk lañ koy jëme, (wal amalu) jëf yi yaw la ñeel yaw yaa yeyoo jaamu.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/4535